

## Konsantman pou patisipe nan rechèch *Consent to Participate in Research – Haitian Creole*

Y ap mande pou w patisipe nan yon etid (rechèch). Avan w bay konsantman w, envestigatè a dwe esplike:

- (i) pou ki rezon rechèch la ap fèt, kòman y ap fè li, epi pou konbyen tan l ap dire;
- (ii) tout pwosede ki nan stad esperimantal;
- (iii) risk, enkonvenyan, ak tout benefis ki posib pou prevwa nan yon manyè ki rezonab;
- (iv) lòt pwosede oubyen mwayen de tretman ki ta kapab benefisye ou, si genyen;
- (v) epi kòman yo pral kenbe enfòmasyon w yo konfidansyèl.

Chak fwa li nesèsè, envestigatè a dwe explike w:

- (i) konpansasyon oubyen tretman medikal yo kapab ofri w si ou recevwa yon domaj;
- (ii) posibilite ke w kapab sibi risk ke yo paka prevwa;
- (iii) nan ki sikonstans envestigatè a kapab sispann patisipasyon w;
- (iv) depans an plis ke w ka genyen pou fè;
- (v) kisa k ap rive si w deside sispann patisipasyon w;
- (vi) kilè y ap fè w konnen si gen enfòmasyon nouvo ki kapab fè w chanje lide sou keksyon patisipasyon w; epi
- (vii) konbyen moun k ap patisipe nan etid (rechèch) la.

Si w dakò pou patisipe, yo dwe ba w yon kopi dokiman sa a siyen epwi tou yon rezime ekri rechèch la.  
Ou gen dwa kontakte \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_ nenpòt lè w gen keksyon sou rechèch la.  
*write in contact name write in phone number for questions about research*

Ou gen dwa kontakte \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_ si w gen keksyon sou dwa w kòm  
*write in contact name write in phone number for questions about your rights or in case of injury*  
patisipan nan rechèch, oubyen kisa pou fè si w recevwa domaj

Patisipasyon w nan rechèch sa a se sou volonte w. Yo pa ka pini w ni fè w pèdi benefis si w refize patisipe ni si w deside sispann patisipasyon w.

Lè w siyen dokiman sa a, sa vle di yo te ba w esplikasyon sou etid (rechèch) la, ansanm ak enfòmasyon anlè yo; epi se ak pwop volonte pa-w ou dako pou patisipe

\_\_\_\_\_  
siyati patisipan / *signature of participant*

\_\_\_\_\_  
dat / *date*

\_\_\_\_\_  
siyati temwen / *signature of witness*

\_\_\_\_\_  
dat / *date*